

# 4 avril

**Anpil nan moun ki te kwè yo vini. Yo avwe zak yo, yo deklare yo. Anpil nan moun ki te fè maji yo vini avèk liv yo tou. Yo boule yo devan tout moun. Lè yo regle, yo jwenn pri liv yo rive senkant mil pyès an ajan.** Travay 19. 18, 19

## **Ki domèn espiritiyèl ?**

Sa gen kèk dizèn ane, fason peyi bò kote solèy kouche yo panse evolye.

Anpil moun panse, ak modèl lavi yon moun, lòm jou-nen jodi a ale byen lwen lanati. Yo panse li pap viv ankò, lè w konsidere relasyon l ak anviwònman natirèl la. Yo vle retabli ekilib la epi ranfòse relasyon l ak lanati.

Pou kèk moun, bagay retounen nan lanati sa, zafè chèche amoni ak kòsmòs la, pran yon fòm mistik ki pafwa mennen yo byen lwen. Enterè moun gen nan fè limyè, divinyasyon, ak tout sòt pratik mistik vin devlope anpil. Transfòmasyon sa fèt san bri, tankou yon revolisyon tou dous. Konsa, piti piti, pratik ki mare ak relijyon peyi kote solèy leve yo, tankou etidye zetwal, tab tounant, ak sa ki touche yon domèn espiritiyèl ki pa pwòp, vin pran anpil plas nan sosyete peyi kote solèy kouche yo.

Pandan yo ta sanble inosan, pratik sa yo kache yon gwo danje. San nou pa pale de tout dega gangan yo, ki fèmèn fidèl yo nan yon veritab esklavaj, vin lakòz, zafè chèche “espiritiyèl” sa kapab fè nou bliye, vrè pwoblèm nan gen pou wè ak relasyon nou, se pa relasyon nou ak lanati, men relasyon nou ak kreyatè a. Nou bezwen gen yon kontak pèsonèl ak kreyatè a. Bib la fè nou konnen sa. Li se lanmou ak limyè. Pa gen okenn kote ki fè nwa nan li, epi li gen pisans pou li delivre lespri nou “anba pisans tenèb” epi fè nou jwenn grasa Jezi yon relasyon vivan ansanm ak li.

# 4

avril

**Beaucoup de ceux qui avaient cru venaient confesser et déclarer ce qu'ils avaient fait. Un bon nombre aussi de ceux qui s'étaient adonnés à des pratiques occultes apportèrent leurs livres et les brûlèrent devant tous.**

Actes 19. 18, 19

## **Quel domaine spirituel ?**

Depuis quelques dizaines d'années, la manière de penser des pays occidentaux a considérablement évolué.

Beaucoup de gens pensent que, par son mode de vie, l'homme d'aujourd'hui s'est éloigné de la nature. Il ne vit plus, pensent-ils, en relation avec le milieu naturel. Ils veulent donc rétablir l'équilibre et approfondir ce rapport avec la nature.

Pour certains, cette notion de retour à la nature, cette recherche d'harmonie avec le cosmos, prend la forme d'une quête mystique qui les conduit parfois très loin. L'intérêt pour la voyance, le spiritisme, et toutes sortes de pratiques occultes s'est largement développé. Cette transformation s'est effectuée sans bruit, comme une révolution en douceur. Ainsi peu à peu, les pratiques liées aux religions orientales, à l'astrologie, à l'occultisme, qui touchent à un domaine spirituel impur, ont pris une large place dans notre société occidentale.

Sous des apparences anodines, ces pratiques cachent un grand danger. Sans parler de toutes les dérives orchestrées par des gourous qui enferment leurs adeptes dans un véritable esclavage, cette démarche dite "spirituelle" peut nous faire oublier que le véritable problème concerne notre relation, non pas avec la nature, mais avec le *Créateur*. Nous avons besoin d'un contact personnel avec le Dieu créateur. La Bible nous le fait connaître. Il est amour et lumière. En lui, il n'y a aucun côté obscur, et il a la puissance de délivrer notre esprit du "pouvoir des ténèbres" et de nous faire trouver par Jésus une relation vivante avec lui.